

BAB III

MÉTODE/TÉKNIK PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, metodé nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif.

Suyatna (2002: 14), nétélakeun yén métode panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan nu mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif hungkul, teu uji hipotésis, teu nyieun ramalan atawa teu meunangkeun ma'na implikasi.

Métode déskriptif numutkeun Whitney (1960) dina Nazir (1999: 63) nya éta néangan fakta jeung interpétasi nu tepat. Panalungtikan déskriptif nalaah pasualan-pasualan nu aya dimasyarakat, ogé tata cara nu dipaké di masarakat, kaasup ngeunaan hubungan kagiatan-kagiatan, sawangan, prosés-prosés nu lumangsung, sarta pangaruh-pengaruh tina hiji gejala atawa fénoména.

Dina ngagunakeun ieu métode diusahakeun ngumpulkeun data, luyu jeung waktu sarta kamampuan nu nyampak, saterusna disusun jadi hiji carita nu sagébléngna.

Anu jadi dasar digunakeun métode déskriptif, nya éta :
Ngadéskripsikeun légenda ngeunaan toponimi ngaran-ngaran kampung di Désa Tanjung Wangi Kecamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan métode panalungtikan anu eusina ngawengku : wangenan oprasional, nangtukeun ukuran sampel, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

3.1 Wangenan Oprasional

Sangkan leuwih jelas dina ngayakeun panalungtikan, di handap ieu baris dijelaskan wangenan oprasional anu patali jeung toponimi ngaran-ngaran kampung di Désa Tanjung Wangi Kecamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung.

- 1) Toponimi nya éta cara méré ngaran hiji tempat.
- 2) Ngaran/nama nya éta hiji idéntitas anu utama pikeun hiji hal, anu dijadikeun sesebutan.
- 3) Kampung, nya éta lembur dihiji désa anu jadi padumukan masarakat.
- 4) Kacamatan nya éta hiji daérah bagéan kabupatén, anu ngawengku sababaraha désa. Kacamatan di pupuhuan ku camat.
- 5) Cicaléngka nya éta ngaran hiji Kecamatan anu aya di Kabupatén Bandung. Cicalengka ogé mangrupa daérah anu ngawatesan Bandung, Sumedang jeung Garut.
- 6) Kabupatén nya éta daérah anu sahandapeun Kota Madya, anu dipupuhuan ku Bupati.
- 7) Bandung nya éta hiji kota di Jawa Barat anu jadi puseur dayeuh (Ibu Kota) Provinsi Jawa Barat.
- 8) *Folklore* nya éta adat istiadat tradisional jeung carita rakyat anu diwariskeun turun-tumurun, tapi teu dibukukeun.

Dina wincikan diluhur, ieu panalungtikan téh nalungtik ngeunaan Toponimi ngaran-ngaran kampung di Désa Tanjung Wangi Kacamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung dumasar kana kajian folklor.

3.2 Nangtukeun Ukuran Sampel


Ari sampel anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta sampel total. Hartina sakabéh populasi ngaran-ngaran kampung di Désa Tanjung Wangi Kecamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung dijadikeun sampel panalungtikan

3.3 Instrumén Panalungtikan

Anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh nya éta

- 1) Alat pangrékam, anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data lisan ngeunaan toponimi ngaran-ngaran kampung di Désa Tanjung Wangi Kecamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung dumasar kana kajian folklor.
 - 2) Kaméra, anu digunakeun dina prosés panalungtikan pikeun dokuméntasi. Dimana kaméra ieu dipaké pikeun nyokot poto tempat panalungtikan sarta Narasumber dina panalungtikan.
 - 3) Kartu panalungtikan, ieu kartu eusina ngawengku identitas sumber jeung hasil panalungtikan. Conto kartu panalungtikan :
-

Idéntitas Sumber
<p>Wasta :</p> <p>Yuswa :</p> <p>Kalungguhan :</p> <p>Kampung :</p> <p>Désa :</p> <p>Keterangan :</p>
Tandatangan :



3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nya éta cara anu digunakeun salila kagiatan. Téhnik nu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta : téhnik telaah pustaka, téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokumentasi.

3.4.1 Téhnik Telaah Pustaka

Téhnik telaah pustaka dipaké pikeun ngumpulkeun bahan-bahan tulisan pikeun néangan tur nangtukeun dasar-dasar tiori anu aya patalina jeung objék panalungtikan.

3.4.2 Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi digunakeun pikeun niténan jeung nangtukeun anggota sampel, dimimitian ku ngalakukeun wawancara ka tokoh masarakat anu nyaho asal-usul daérah-daérah anu aya di Désa Tanjung Wangi Kecamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung.

3.4.3 Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik anu digunakeun pikeun nyangking informasi lisan tina garapan lisan.

Arikunto (2002: 132) nétélakeun yén wawancara (*interview*) nya éta paguneman anu dilakukeun ku nu ngawawancara (*interviewer*) pikeun nyangking informasi ti nu diwawancara (*interviewee*).

Dina ieu panalungtikan dilaksanakeun wawancara jeung para informan, diantarana tokoh masyarakat.

3.4.4 Téhnik Dokuméntasi

Salian téhnik wawancara jeung téhnik obsérvasi, ieu panalungtikan ogé ngagunakeun téhnik dokuméntasi. Tujuan digunakeunana ieu téhnik nya éta pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal anu aya patalina jeung panalungtikan. Salian éta ogé ieu téhnik téh digunakeun pikeun bukti ayana kagiatan panalungtikan.

3.5 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Léngkah-lengkah dina ieu panalungtikan dibagi kana opat tahapan, nya éta :

- 1) Léngkah tatahar,
- 2) Léngkah ngumpulkeun data,
- 3) Léngkah ngolah data, jeung
- 4) Léngkah nyusun laporan.

3.5.1 Léngkah Tatahar

Léngkah-léngkah tatahar ngawengku :

- 1) Nangtukeun judul panalungtikan,
- 2) Nangtukeun masalah, garapan, tempat, jeung objék panalungtikan,
- 3) Nyieun proposal,

- 4) Ngayakeun ulikan pustaka ku cara neuleuman buku nu aya patalina jeung ieu panalungtikan,
- 5) Nyieun surat ijin panalungtikan, jeung
- 6) Konsultasi ka dosén pangaping.

3.5.2 Léngkah Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data ngawengku :

- 1) Néangan data-data statistik kecamatan ka kantor kecamatan Cicaléngka,
- 2) Néangan data-data monografi kampung ka kantor désa,
- 3) Néangan toponimi ngaran-ngaran kampung di Désa Tanjung Wangi Kecamatan Cicaléngka ku cara ménta data ka nara sumber (Informan) di unggal kampung.

3.5.3 Léngkah Ngolah Data

Data anu geus ngumpul saterusna diolah dumasar kana téhnik ngolah data. Léngkah nu dilakukeun dina ieu panalungtikan nya éta :

- 1) Mariksa sarta niténan data-data anu geus dikumpulkeun,
 - 2) Ngaanalisis jeung ngadéskripsikeun data, jeung
 - 3) Nyieun kacindekan tina data anu geus kapaluruh.
-

3.5.4 Léngkah Nyusun Data

Léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan sabada hasil dipasing-pasing, dianalisis nepi ka jadi informasi anu bisa disusun dina wangun déskriptif, nu ahirna disusun sacara sistematis dina wangun skripsi.

Sistematika nyusunna saperti anu ditulis di handap :

BAB I Bubuka

BAB II Dasar Téori

BAB III Méthode/Téknik Panalungtikan

BAB IV Toponimi Ngaran-Ngaran Kampung di Désa Tanjung Wangi

Kecamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung Dumasar Kana

Kajian Folklor

BAB V Kacindekan jeung Saran